ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№227 (22.885) ● 2014 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий яхуэзащ УФ-м и Президентым и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм зи щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм

ЦIыхухэм я нэхъыбапIэр къызыгекIухьар я унагъуэ IуэхуэкIэ зэрыдзэкIолъымыкIуэрщ. Къапщтэмэ, Налшык къалэм щыщ, 1929 гъэм къалъхуа, тылым и лэжьакIуэхэм хабжэ щIыхубзыр щопсэу тыншыпIэ лъэпкъ зимыIэ, зи унащхьэм псыр къыпхьж унэу Суворовым и уэрамым тетым. ЩIымахуэр късасаци, абы газ щIамышэмэ, унащхьэр зэрамигъэпэщыжмэ, ущIэсынкIэ Iэмал иIэкъым.

Налшык щыщ адрей цIыхубзми и Iуэхур зыкIи нэхъыкIкъым. Абы и сабиитхум языхэзыр ныкъуэдыкъуэщ, и Iэпкълъэпкъыр щIагъуэу къыдэмыбзу, адрей сабииплIым ящыщуи тIум уз гъэтIылъахэр яIэщ. Ахэр псори общежитхэм ящыщ зым хиубыдэ зы пэш закъуэм щIэсщ. ЦIыхубзыр лэжьапIэнэшэщи, псори зыкъуэсыр сабий ахъшэ тIэкIурщ.

Бахъсэн къикIа цIыхубзым и Iуэхури уэхэзыгъапльэщ. СабииплIым я анэм пыуэкIыкIауэ Iэщ1агъэ иIэкъым. Абы къыхэкIыу, хузэфIэкIыр арти, унэр зей лIыжь-фызыжьыр зэрихьэну ягурыIуэри, пэш хуэхауэ щопсэу.

Дэлэпыкъуныгъэ гуэр иратыну щIэлъэIуащ Налшык щыпсэу, ещанэ гупым хиубыдэ ныкъуэдыкъуагъэ зиIэ цIыхухъури.

КIуэкIуэ Юрий зыхуэфащэ IэнатIэкэм я унафэщIхэм къалэн ящищIащ лъэIуэкIэ къекIуэлIахэм защIэгъэкъуэнымкIэ зыхуэфащэ Iуэхуэкэр зы тхьэмахуэм къриубыдэу яубзыхуну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● АПК

Сом меларди 3,4-м щIигъу хуозэ

Урысейм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм агропромышленнэ комплексым хухах щIыхуэр зэкIэлъызыгъакIуэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщ IэнатIэхэм я инвестицэ проект 23-рэ щхьэхуэу къыхихащ.

АБЫХЭМ япкъ иткIэ, инвестицэ проектхэм халъхьа кредитым щыщ Iыхьэ субсидие щIыкIэу къэралым мэкъумэщ Iуэхущ1апIэхэм яхуитыжынущ. Мы проектхэр республикэм щагъэзащIэ. Ахэр зтеущIыхьащ илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыг хадэхэр хэсэным, зехьэным, Iэщ псэуалъэхэр зэгъэпэщыжьным, егъэфIэкIуэным, былым лъэпкъыфIхэр, мэкъумэщ техникэрэ Iэмэпсымэрэ къэщэхуным, пхъэщхьэмыщхьэхэкIхэм, хадэхэкIхэм щелэжьыну теплиуэ комплексхэр ухуэным. Проектхэм кредит ахъшэу сом меларди 3,4-м щIигъу хуозэ.

Урысейм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, инвестицэ проектхэм халъхьэну субсидиехэм щхьэхуэу хухахыну бюджет мылъкур зэрагъэушыну щIыкIэр УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм щызэхуагъэкIуэнущ.

КIыцынэмыщIауэ, КъБР-м Iэщ гъэхуным зыщегъэужьыным тещIыхьа и инвестицэ проектитI мы гъэм нэхъ пасэу кIыхахащ. Абыхэм кредит ахъшэу сом мелуан 387-рэ халъхьащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Спорт Iуэхущ1апIэхэм къахохъуэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ. «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхъум.

СПОРТЫМКIЭ министр Хъущт Асльэнбэч зэIущIэм щищIа докладым къыщигъэлъэгъуащ къэрал программэм щаубзыхуа къалэн нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщущ физкультурэмрэ спортымрэ дихьэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIыныр, республикэм и жылагъуэхэм спорт Iуэхущ1апIэщIэхэр къыщызэIуэныр, цIыху куэд къызэщIэзыубыдэ спорт зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэкIыныр, спортым щыхуагъасэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэныр, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыныгъэхэм хэтын папщIэ ди спортсменхэм зыхуеину Iэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр, екъулIэныгъэ инхэр къэзыхь спортсменхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ гъэпажэныр.

- Программэр ягъэзащIэу зэрыхуежьэрэ, екъулIэныгъэ пыухыкIахэр диIэ хъущ, - кIуэгъэпэгъуауэ Хъущт Асльэнбэч. - Физкультурэмрэ спортымрэ дихьэхэм я бжыгъэмкIэ дэ къэралым и адрей щIыналъэхэм дальэщIыхьэжащ. АбыкIэ сэбэпышхуэ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псори зэхэту екIуэлIу мин 35-м щIигъу зэкIуалIэ спорт школу 50 зэрыщIалажьэр. Абыхэм щIалэгъуалэр спортым и лIэужьыгъуэ 37-м щыхуагъасэ.

Апхуэдэу республикэм щолажьэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэр спортым и лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэм щыхуагъасэ школ. Абы екIуалIэхэр атлетикэ псынщIэм, псы есыным, шы спортым, мини-футболым, шабэзэкIэ нэщанэ ящыщ. Ахэр зэрыгъэгъуэгъуэ комплекс хэха къызэрагъэпэщыну я мурадщи, спорт школым щIэсхэр зэпымыууэ нэхъыбэ хъуэрэ кIуэнущ.

Ди деж гулыитэ хэха щыхуащI иджырей спорт Iуэхущ1апIэ зэпэщхэр уухуэнэ. Иджыпсту апхуэдэ ухуэныгъэхэр Налшыкрэ Нарткъалэрэ щокIуэкI, апхуэдэу Прохладнэ къалэм и стадиониР егъэфIэкIуэныем иолэжь. Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Къэрэгъэш куэажьм и футбол джэгупIэ алэрыбгъукIэ къыззыращIыкIынум хуагъэхьэзыр. А лэжьыгъэр щызэфIагъэкIащ Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Къэщкъэтау поселкэм.

Хъущт Асльэнбэч зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» къэрал программэм хиубыдэу иджыблагъэ хьэзыр яIащ Нартан къуажэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и спорт комплексыр. Апхуэдэу щIын яух Тэрч кIалэ и спорт комплексыр, Гундэлэн, Балкъэ, Дыгулыбгъуей кIуэкIэхэм, Екатериноградскэ станицэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ я спорт Iуэхущ1апIэхэр. Налшык кIалэм и «Молодежнэ» хьэблэм щIыIэ мини-футболым джэгупIэр зэрагъэпэщыжащ.

Республикэм щрагъэкIуэкIа конкурсым кIэрикIуэхэм япкъ иткIэ спорт Iуэхущ1апIэу, футбол джэгупIэу, площадкэ зэмылIэужьыгъуэу яухуэхэр, зэрагъэпэщыжхэр нагъэсын папщIэ субсидиехэр иратынущ муниципалитету 19-м. Абыхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ езы муниципалитетхэми я Iыхьэ а лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ къыхалъхьэнущ икIи ухуэныгъэ псори дыдыхэкIуэ ильэсыщIэр къыщыцIэхум ирихьэлIэу хьэзыр хъун хуейщ. Зэрыщыту къапщтэмэ, спорт Iуэхущ1апIэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщажмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыпашэхэм ящыщщ. Программэр ахъшэкIэ къызэрызэгъэпэщар къапщтэмэ, щэкIуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу абы республикэ бюджетым и ахъшэу трагъэкIуэдэн хуеям и процент 63-р (сом мелуан 335-м нэблагъэ) къыхуаутIыпщащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Бахъсэн щIыналъэ

Лъапсэщ1эхэр щаухуэн папщIэ

Бахъсэн районым хыхьэ Бахъсэненкэ къуажэм щыщ унагъуэ 84-м щыпсэуну унэхэр иращIыхьын папщIэ иджыблагъэ пщIэншэу щIы метр зэбгъузэнатIэ мини 120-м щIигъу хуагъэшащ. Дыззрыт илъэсым кIрибубыдэу щIапIэхэр къыхупачынущ сабий куэд зиIэ унагъуэу КъулъкъужьИ Ищхьэрэ, ПсыкIэху, Кременчуг-Константиновскэ къуажэхэм дэсхэми.

Щ1ыр нэхъ хуэныкъуэхэм ират УФ-м и Президентым илъэситI ялэкIэ накъыгъэ маазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр гъэзэщIэным хиубыдэу икIи «ПсэупIэ унэхэр иращIыхьын папщIэ цIыху гуп щхьэхуэхэм КъБР-м и щIыналъэм хиубыдэу щIы Iыхьэхэр пщIэншэу яхуэхьным и IуэхукIэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету.

АБАЗЭ Лерэ,
Бахъсэн районым и администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Унэ кхъахэхэм щIэсхэр ягъэIэпхъуэ

Фэтэр 36-рэ хъууэ иджыблагъэ Тырныауз къалэм Энеевым и цIэр зезыхьэ и уэрамым къыщрагъэжьа унэщIэр зыхуащIыр ныкъуэкъутэу къалъыта унитIым иджыпсту щыпсэуэрэщ. Абыхэм ящыщу унагъуэ 15-м фэтэрыщIэхэр Налшык къалэм къыщратащ. Адрей унагъуэ 35-р щIагъэтIысхьэжьын папщIэ къыратащ къэралыгъэм федеральнэ ахъшэу сом мелуан 13,1-рэ, республикэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 29,3-рэ къыхуаутIыпщащ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ унэ кхъахэхэм щIэсхэр къыщIэгъэIэпхъукIынум хуэгъэза муниципальнэ программэм ипкъ иткIэ, Тырныауз къалэм фэтэр куэд хъу унэщIэу щы зэрыщаухуар икIи цуипсэу мыхъужыну кхалъыта унэхэм щIэса унагъуэхэм ящыщу 75-рэ зэрагъэIэпхъуар.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Пщэдей Сабийхэм правовой дэIэпыкъуныгъэ етыным и махуэщ

Абы ди республикэр Iуэху пыухыкIахэмкIэ ирохьэлIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ куэдым правовой чэнджэщхэр щатынущ учыелу 100-м нэблагъэм, нотариусу 60-м щIигъум. Абыхэм я лэжьыгъэр къыщIэзрагъэпэщынущ гъэзджэныгъэмкIэ Iуэхущ1апIэхэм, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьабзэхэр щызэфIагъэкI центрхэм, ЗАГС-м и къудамэхэм.

Правовой Iуэхутхьабзэхэр пщIэншэу зыхуащIэнухэм ящыщщ сабий зеиншэхэр, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэр, абыхэм я Iуэхуэхэр зэрагъэкIуэну хуитыныгъэ зиIэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ. Сабий зрашалIэу яплэжыну мурад зыщIахэми а махуэм пщIэншэу щыгъуазэ защIыфынущ а Iуэхур зэрыдгъэкIыщкIэм.

Сабийхэм правовой дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ Урысейпсо махуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ яунэтIыну къалэн щащIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ. Иужьрейм и хэщIапIэм, Налшык къалэ Пушкиным и уэрамым тет унэ N285-м, пщдей сыхьэти 10-м щегъэжьауэ сыхьэт 18 хъуху Управленэм и Iэщ1агъэлIкэр щахуэзэнущ правовой дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм. Апхуэдэу абыхэм 30-00-20 телефонымкIэ уепсалъэ хъунущ сыхьэти 9 - 18-хэм къриубыдэу.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Хъыбар гуапэ

Студентхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу КъБКъУ-м щекIуэкIащ «Студент нэхъыфI» зэпеуэ. Абы щытекIуащ мы суэртым щыфльагъу, биологие факультетым и 4-нэ курсым щеджэ Дадэ Iэсият.

Суэртыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Уэрэдыжьхэм я пшыхь

ЩэкIуэгъуэм и 20-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэу Къэрал киногъэлъэгъуапIэм щекIуэкIынущ балъкъэр уэрэдыжьхэр щагъэззэщIну зэхьэхэр. Ар Отаров Омар и фэеплъыр къызэрагъэпэщ.

ЩэкIуэгъуэм и 21-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэнущ КъБР-м и цIыхубз артист Къардэнгъущ Зырамыку и цIыкIэ адыгэ лъэпкъ уэрэдхэр щыжаIэну республикэ фестивали.

Зэхьихьэхэр КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къызэрегъэпэщ. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ 8 (8662) 44-22-10, 40-31-49 телефонхэм.

● Узыншагъэ

IэмэпсымэщIэхэр къащэху

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ и IэнатIэм 2020 гъэ пщIондэ зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм фтизиатриедэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхуэхэр егъэзащIэ.

Мы илъэсым республикэм иджырей диагностикэ Iэмэпсымэ къащэхуным федеральнэ субсидиеу къыхуаутIыпщащ сом мелуан 67,1-рэ. Зэман гъунэгъум къриубыдэу къащэхуну я мурадщи районым сымаджэщхэм папщIэ флюорографу 7, компьютер томограф, иджырей лабораторэ, диагностикэ Iэмэпсымэхэр. Жьэн узыр зыпкърыт сымаджэхэр нэхъапэу зыхуеину хущхъуэхэр къращэхуну республикэ бюджетым къыхэкIащ сом мелуани 7,1-рэ.

Фтизиатрие IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр узыфэр и чэзум къахутэу хамыгъэтIасэу еIэзэныри. Араши, IэнатIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ираугъэкIуэкIэхэм я фIыгъэкIэ узыфэр тыншу къахутэнущ икIи, щэч хэмылъу, абы илIыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъунущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ

Белоруссием и президент Лукашенкэ Александр вэсэмахуэ Iущащ УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и министр Лавров Сергей.

Зэгъэныгъуэ къэралхэм щыIэ щытыкIэм и гугъу щащIым, Белоруссием и унафэщIым къыхигъащащ Путин Владимир и Iэхэу епIыкIэр зэрыдиБыгъыр икIи Украинэм и цIыхубзэр зэкъуэгъэувэжыным, зауэр къэувыIэным хуэунэтIа и хэрдэмхэм арэзы зэрытехъуэр.

Абы къыдэкIуэу, Лукашенкэ къыхигъащащ къэрал гъунапкъэхэр гъэбыдэным зэгъуэсэу яужь итын зэрыхуейр. «Дэ хуабжьу дагъэпейтей дунейм щекIуэкI Iуэху мыхъумыщIэхэм, арэзы дытехъэнкIи Iэмал иIэкъым Къыхьэпlэм иригъэкIуэкI политикэм. Араши, СНГ-м хыхьэ къэралхэр дызэдеIэжьын хуейщ ди гъунапкъэхэр гъэбыдэным. Ар иджыпсту я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ», - жиIащ абы.

ИкъукIэ дызыхуэныкъуэми, пэрыуэгъу и мащIэкъым

Къэрал Думэм ЛДПР партым щиIэ фракцэм хэтхэу Лебедев Игорь, Нилов Ярослав, Свинцов Андрей сымэ ягъэхьэзыр законопроектым куэд арэзы зэрытемыхьуэнум и щыхьэтщ абы пежьауэ иращIыкI псалъэмакъэр.

«Этил спиртыр, фадэр, спирт зыхэт продукцэр къыщIэгъэкIынымрэ щэнымрэ я Iуэхур къэралым зэкIэлъыгъэкIуэным, апхуэдэуи фадэу къагъэссэбэпыр (ирафыр) гъэмэщIэным я IуэхукIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну мурад ящIащ депутатхэм. Тутынэкэр щэным теухуа хабзэщIэм зэрыщыгъэувам хуэдэу, фадэхэкIхэри Iуплъапl эхэм техын хуейуэ хъальытэ депутатхэм. Ахэр зыгъэгъэзавэр ныбжьыщIэ куэд дыдэ фадэм дихьэх зэрыкъуарэщ. Псалъэм папщIэ, «Роспотребнадзор»-м къызэритамкIэ, Урысейм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 11 - 18-хэм итхэм ящыщу мелуанитхум щIигъум махуэ къэс жьауэ къа хуэдэу фадэ ирафр.

«Фадэр тыкуэным уэрэрщIыкIэу Iуплъапl эм темытмэ, ар цIыкум кIымыпIъыкIыжынкIи мэхъу. ЩIакхъуэ щхьэкIэ тыкуэным щыIыхьам и нэм къыIуедзэ фадэ зэмылIэужьыгъуэхэри, хуэмынэрыгъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. Тыкуэным щIыхьэ сабийхэри йосэ фадэр я гъащIэм Iэмал имыIэу хэтыныж», - жаIэ депутатхэм.

Законопроектыр къаззрыщыхъум щытегъэлъэныхьащ УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэми. А Iуэхущ1апIэм и нарколог нэхъыщхьэ Брюн Евгений къызэрыпIъытэмкIэ, тыкуэнхэм фадэр пэрыхьэту щамыгъэуту хуежьэжьмэ, ар зи нэрыгъэкъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. Тыкуэным щIыхьэ сабийхэри йосэ фадэр я гъащIэм Iэмал имыIэу хэтыныж», - жаIэ Брюн. - Ди къэралым и цIыхухэр йофэ. Абы зыри пхуещIэнукъым, ауэ мардэ гуэрым тету, фадэм ерыскъы тэмэми трашхыхьу егъэсэн хуейуэ аращ хэкIыпIэу диIэр».

Къэрал Думэм ЛДПР партым щиIэ фракцэм хэтхэу Лебедев Игорь, Нилов Ярослав, Свинцов Андрей сымэ ягъэхьэзыр законопроектым куэд арэзы зэрытемыхьуэнум и щыхьэтщ абы пежьауэ иращIыкI псалъэмакъэр.

«Этил спиртыр, фадэр, спирт зыхэт продукцэр къыщIэгъэкIынымрэ щэнымрэ я Iуэхур къэралым зэкIэлъыгъэкIуэным, апхуэдэуи фадэу къагъэссэбэпыр (ирафыр) гъэмэщIэным я IуэхукIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну мурад ящIащ депутатхэм. Тутынэкэр щэным теухуа хабзэщIэм зэрыщыгъэувам хуэдэу, фадэхэкIхэри Iуплъапl эхэм техын хуейуэ хъальытэ депутатхэм. Ахэр зыгъэгъэзавэр ныбжьыщIэ куэд дыдэ фадэм дихьэх зэрыкъуарэщ. Псалъэм папщIэ, «Роспотребнадзор»-м къызэритамкIэ, Урысейм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 11 - 18-хэм итхэм ящыщу мелуанитхум щIигъум махуэ къэс жьауэ къа хуэдэу фадэ ирафр.

«Фадэр тыкуэным уэрэрщIыкIэу Iуплъапl эм темытмэ, ар цIыкум кIымыпIъыкIыжынкIи мэхъу. ЩIакхъуэ щхьэкIэ тыкуэным щыIыхьам и нэм къыIуедзэ фадэ зэмылIэужьыгъуэхэри, хуэмынэрыгъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. Тыкуэным щIыхьэ сабийхэри йосэ фадэр я гъащIэм Iэмал имыIэу хэтыныж», - жаIэ депутатхэм.

Законопроектыр къаззрыщыхъум щытегъэлъэныхьащ УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэми. А Iуэхущ1апIэм и нарколог нэхъыщхьэ Брюн Евгений къызэрыпIъытэмкIэ, тыкуэнхэм фадэр пэрыхьэту щамыгъэуту хуежьэжьмэ, ар зи нэрыгъэкъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. «Ар нэхъ Iеижщ, цIыхухэм я узыншагъэмкIи шынагъуэ нэхъыбэ пылъщ, - жиIащ Брюн. - Ди къэралым и цIыхухэр йофэ. Абы зыри пхуещIэнукъым, ауэ мардэ гуэрым тету, фадэм ерыскъы тэмэми трашхыхьу егъэсэн хуейуэ аращ хэкIыпIэу диIэр».

Къэрал Думэм ЛДПР партым щиIэ фракцэм хэтхэу Лебедев Игорь, Нилов Ярослав, Свинцов Андрей сымэ ягъэхьэзыр законопроектым куэд арэзы зэрытемыхьуэнум и щыхьэтщ абы пежьауэ иращIыкI псалъэмакъэр.

«Этил спиртыр, фадэр, спирт зыхэт продукцэр къыщIэгъэкIынымрэ щэнымрэ я Iуэхур къэралым зэкIэлъыгъэкIуэным, апхуэдэуи фадэу къагъэссэбэпыр (ирафыр) гъэмэщIэным я IуэхукIэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну мурад ящIащ депутатхэм. Тутынэкэр щэным теухуа хабзэщIэм зэрыщыгъэувам хуэдэу, фадэхэкIхэри Iуплъапl эхэм техын хуейуэ хъальытэ депутатхэм. Ахэр зыгъэгъэзавэр ныбжьыщIэ куэд дыдэ фадэм дихьэх зэрыкъуарэщ. Псалъэм папщIэ, «Роспотребнадзор»-м къызэритамкIэ, Урысейм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 11 - 18-хэм итхэм ящыщу мелуанитхум щIигъум махуэ къэс жьауэ къа хуэдэу фадэ ирафр.

«Фадэр тыкуэным уэрэрщIыкIэу Iуплъапl эм темытмэ, ар цIыкум кIымыпIъыкIыжынкIи мэхъу. ЩIакхъуэ щхьэкIэ тыкуэным щыIыхьам и нэм къыIуедзэ фадэ зэмылIэужьыгъуэхэри, хуэмынэрыгъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. Тыкуэным щIыхьэ сабийхэри йосэ фадэр я гъащIэм Iэмал имыIэу хэтыныж», - жаIэ депутатхэм.

Законопроектыр къаззрыщыхъум щытегъэлъэныхьащ УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэми. А Iуэхущ1апIэм и нарколог нэхъыщхьэ Брюн Евгений къызэрыпIъытэмкIэ, тыкуэнхэм фадэр пэрыхьэту щамыгъэуту хуежьэжьмэ, ар зи нэрыгъэкъэщащэм, абыхэм ящыщ къещэжу. «Ар нэхъ Iеижщ, цIыхухэм я узыншагъэмкIи шынагъуэ нэхъыбэ пылъщ, - жиIащ Брюн. - Ди къэралым и цIыхухэр йофэ. Абы зыри пхуещIэнукъым, ауэ мардэ гуэрым тету, фадэм ерыскъы тэмэми трашхыхьу егъэсэн хуейуэ аращ хэкIыпIэу диIэр».

● Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ

◆СНГ-м хыхьэ къэралхэм ядджым елэжь я промышленностхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

◆1819 гъэм Мадрид (Испание) къызыщIэуахауэ щытащ суэрэтыщIхэм, скульпторхэм я IэдакъэщIэкIхэр щагъэпъагъуэ музей. Иджыпсту ар дуней псом щыщIэрыIуэ Прадо лъэпкъ музейрщ.

◆1824 гъэм Санкт-Петербург псыдзэшхуэ къыщIэуауэ щытащ.

◆1941 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ Нашхьэ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр щууей дивизэр къызэрэпэщыным теухуа унафэ къыщтащ.

◆1942 гъэм КъБР-м щыщ Ново-Ивановскэ къуажэм фашистхэм щхьэпылъэ щащIащ партизанкэ Козуб Шурэ.

◆Урыс еджагъэшхуэ-энциклопедист, Петербург щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ академик, 1755 гъэм зи жэрдэмкIэ Москва университетыр къызIуаха **Ломоносов Михаил** къызэрэлъхурэ илъэс 303-рэ ирокIу.

◆Зауэмрэ фашизмэмрэ я бийуэ къуэва нэмыцэ тхакIуэ цIэрыIуэ Зегерс Аннэ (и цIэунэцIэ дыдэр - Радваньи Нетти) къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокIу.

◆Мысырым и президент **Абдель Фаттах Саид Хъусен Хъалил ас-Сиси** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщIэхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Iэжьэгъу удыныхьщ.

Спорт Iуэхущ1ап1эхэм къахохъуэ

(К1эухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Министрым и псалъэм къыхэщащ Урысей Федерацэм и Президентым и указэхэр гъэзэщ1эным кърибыдзэу сабийхэм щ1эныгъэ гуэдзэн егъэгъэтынымк1э I энат1эм пэрыт педагогхэм я улахуэмэ зэрыхагъэхъуар. Ар сом 13208-м щегъэжьауэ сом 15632-м нагъэсащ. Апхуэдзэу, зэф1эк1ышхуэ зыбгъэдэль спортсмену республикэм щагъасэхэр нэхъыбэ хъу зэпыт1щ. Спортым и олимпл1эжьыгъуэхэмк1э, апхуэдзэу олимп зэхьэзэхуэхэм химиябыдэ л1эужьыгъуэхэмк1э Урысейм и командэ къыхэхахэм я гуп нэхъыщхьэхэмрэ гуп къуэдзэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хэтхэр илъэс зыбжанэ ипэкI э щ1ыху 80-м нэблагъэу щытхъу, иджы абыхэм я бжыгъэр 135-м нэсащ.

Езыр зи пашэ I энат1эм къыпэщыт кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу министрым къигъэлъэгъуащ зи узынщагъэм сэкъат и1эхэмрэ зи псэукI эр зэк1эпъымыкI ыу унагъуэхэм ящыщ сабийхэмрэ спортым дагъэхьэныр. Я п1э ирагъэщ кьалэнхэм апхуэдзэу хеубыдэ спортымк1э гъэсак1уэхэм я зэф1эк1ым зэгъэхъуэныр, УФ-м и щ1ыналъхъэм спортым зыщегъэужьынымк1э федеральнэ программэ эмыл1эужьыгъуэхэм жьджэру хэтыныр.

Иджыпсту пэжыгъэшхуэ ирагъэк1уэк1 2016 гъэм Бразилием щек1уэк1ыну Олимп зэхьэзэхуэхэм КЪБР-м и спортсменхэм ящыщу хэтыну зыщыгугъ1эхэм защ1эгъэкъуэным хузгъэзауэ. Я нэхъ мащ1э дыдэр арамэ, а зэхьэзэхуэ иным республикэм къыбгъэдэк1ыу щыхуэ 3 - 4 яг1эк1уэфыну щогугъ.

Министрым и докладым щытепсэлъыхьыным депутатхэм кьал эт ащ КЪБР-м хоккейм зыщегъэужьыным, сабий спорт I уэхущ1ап1эхэм я мыхьэнэм хэгъэхъуэным ехьэл1а I уэхухэр. Апхуэдзэу къэпсэл1ъахэм ящыщ зыбжанэм къыхагъэщхьэхук1ащ Къэрэгъэш къуажэм узынщагъэр щрагъэф1ак1уэ физкультурэ I уэхущ1ап1э щыхуэзи зэрыхуейр.

Спортсмен ц1эрыI уэхэр мымащ1эу зэрыщдгъэ, спорт комплексхэр къыщызэI уэхк1э аэрэ ирихьэл1эн хуейуэ къызэрильытэр къигъэлъагъуэрэ, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** къыхилъхьащ апхуэдэ спортсменльэщхэрсабийхэм ядэлэжьэнымк1э график яубзыхуну.

- Щ1эрэ щхьэрэ зи1э спортсменхэр еджак1уэхэм, псом хуэмыдзу хуажэ нэхъ пхыдзахэм дэс сабийхэм, яхуэзэмэ, абы ц1ык1ухэр спортым тригъэгушхуэнущ ик1и зэф1эк1ышхуэ зыгъэлъэгъуа ди ц1ыхухэр щапхъэ гъуэзэджэу увынущ. Сыт хуэдизу я эмэнар эпэуныдзауэ щымытми, спортымкIэ апхуэдэ лэжьыгъэм къыззрыхьхьэнум щэч къытесхьэркъым, - жиI ащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Бозий Натбий** и псалъэр нэхъ тригъэщ1ащ к1ыхьл1ыхь хъуа ухуэныгъэхэр - «Урысей зэкъуэт» партыми и социальнэ проектым зыщ1ар Прималкэ, Анзорей къуажэхэм дащ1ыхь спорт комплексхэр - нэгъэсыжьным. Апхуэдзу л эжьыгъэхэр ик1эщ1ыпI эк1э щызэф1эгъэк1ын хуейщ Нарткъалэрэ Прохладнэмрэ щаухъэ спорт I уэхущ1ап1эхэмк.

КЪБР-м спортымк1э и министр **Хъущт Аслъэнбэч** ищ1а и докладымрэ абы тепсэлъыхьа депутатхэм жалаэхэмрэ я пк1э ит к1э Президиумым къыщащтащ республикэм и Правительствэм, спортым зегъэужьынымк1э программэр гъэзащ1эным хиубыдэ министерствэхэм, щ1ыпI э унафэр зезыгъак1уэ органхэм яхуэгъэза чэнджащхэр.

Зэ I ущ1эм хэтахэр нэгъуэщ1 I уэху зыбжанэми хэпл1ащ. Къапщтэмэ, аэрэ тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэк1уж и судыщ1эхэм я I уэхук1э» КЪБР-м и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыI э унэхэм щыпсэухэм я зэхуэдэ мылъкум хиубыдэ я Iыхьэхэр капиталъэу зэгъэпэщ1ыжыныр зэрырагъэк1уэк1ым и I уэхук1э» КЪБР-м и Законым хальхъэ зэхъуэк1ыныгъэхэм, апхуэдэу УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектэр къазэрыщ1ухъуам теухуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм.

Президиумым хэтхэм даI ыгъащ кредитхэр (займхэм) процентк1э щхьэщ1ат ык1 ахъшэм щыщ I ыхьэр хуапшынырыхьн папщ1э мэкъумэш продукцэ къэзыл эжьхэм субсидиехэр зэрырат щ1ык1эм зэхъуэк1ыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм теухуауэ Чуваш Республикэм и К1эрал Советым Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Д. А., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и К1эрал Думэм и Унафэщ1 Нарышкин С. Е. сымэ зэрызахуигъаззэр.

Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ итк1э КЪБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхыпльр иратащ Урысейм Щ1эныгъэ I уэхущ1ап1эхэмк1э и федеральнэ агентствэм и «Мэкъумэш хозяйствэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ-къэхутак1уэ институт» федеральнэ къэрал бюджет I уэхущ1ап1эм I эщ гъэхъунымрэ I усыпхъэжэр къэлэжьынымк1э и лабораторэм и щ1эныгъэ лэжьак1уэ пажэ Амщ1ыкI уэ Хьэжьсмел Къасым и къуэм, Мэрзэхъу къуажэ жылагъуэм и ветеранэм я советым и тхэмадэ Елъхан Мухътар Аслъэмырзэ и къуэм, «Урысейм Щ1эныгъэхэмк1э и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмк1э и институт» федеральнэ къэрал бюджет I уэхущ1ап1эм балъкъэр литературэмк1э и секторым и унафэщ1 Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэм.

Зэ I ущ1эм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэ I ущ1эр 2014 гъэм щ1эныгъэ I уэм и 27-м ег ъэк1уэк1ыным теухуауэ.

БАТЫР Любэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-I уэхущ1ап1э.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэу Парламентым зэпымыууэ щылажьэхэр ц1ыхухэм щахуэзэ зэманыр (тхьэмахуэ зэхуаку къэс мэрем махуэм)

№	Ц1ыхухэм яхуэзэнур	Ц1ыхухэм щахуэзэну зэманыр	Зэ I ущ1эр щек1ынур
1.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Егоровэ Т. Б.	3-нэ мэрем, Сыхьэти 10 - 13-хэм	КЪБР-м и Парламентым
2.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Бозий Н. М.	Сыхьэти 10 - 12-хэм	Аруан муниципальнэ районым
3.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Жанатаев С. А.	1-нэ мэрем, Сыхьэти 10 - 15-хэм	Налшык къалэ администрацэм
4.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Берд Хь. А.	Сыхьэти 10 - 12-хэм	Налшык къалэм дэт курыт еджап1э №27-м
5.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Мэлбахъуэ Б. Хь.	Сыхьэти 9 - 17-хэм	Бахъсэн муниципальнэ районым
6.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Мовсисян Г. О.	Сыхьэти 10 - 16-хэм	КЪБР-м и Парламентым
7.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Кривко М. Н.	Сыхьэти 9 - 12-хэм	Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм
8.	КЪБР-м и Парламентым и депутат I эпщэ З. Б.	Сыхьэти 9 - 12-хэм	Профсоюзхэм щэнхабзэмк1э я унэм, Кулиевым и уэрам, 12
9.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Афэщ1агъуэ М. Хь.	Сыхьэти 10 - 12-хэм	КЪБР-м и Парламентым
10.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Азычэ С. Г.	Сыхьэти 10 - 16-хэм	«Захуагъэ зэдэщ1ы Урысей» политик1э партым и щ1ыналъэ къудамэу КЪБР-м щы I эм и унэм, Лермонтовым и уэрам, 22
11.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Гугу В. Р.	2-нэ мэрем, Сыхьэти 16 - 18-хэм	Налшык къалэ, Ингуш уэрам, 9 «а», гъэсап1э №60
		1-нэ, 3-нэ, 4-нэ мэремхэм, Сыхьэт 11 - 13-хэм	КЪБР-м и Парламентым
12.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Гриневич В. В.	Сыхьэти 10 - 13-хэм	Прохладнэ къалэ округым, Налшык къалэ округым
13.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Къардэн М. Н.	Сыхьэт 11 - 13-хэм	Щэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм
14.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Бгъэжьнокъуэ З. М.	Сыхьэти 10 - 13-хэм	КЪБР-м и медицинэ I уэхущ1ап1эхэмрэ социальнэ I уэхутхьэбзэхэр зэф1эзыгъак1 I уэхущ1ап1эхэмрэ, КЪБР-м и Парламентым
15.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Мокаев К. А.	Сыхьэти 10 - 15-хэм	Щэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм
16.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо С. Хь.	Сыхьэти 10 - 15-хэм	Щэрэдж муниципальнэ районым, Налшык къалэм
17.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Пащты Б. С.	Сыхьэти 10 - 17-хэм	КПРФ-м и жылагъуэ ек1уэп1ап1эм, Налшык къалэ, Лениныи и уэрам, 57, ет1уанэ къат
18.	КЪБР-м и Парламентым и депутат Кансаевэ Е. И.	Сыхьэти 10 - 13-хэм	КЪБР-м и Парламентым

КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэу зэпымыууэ Парламентым щылажьэхэр ц1ыхухэм Парламентым и унэм зэращ1ухуэзэнур

Зытехуэ махуэр	1-нэ тхьэмахуэ зэхуакум	2-нэ тхьэмахуэ зэхуакум	3-нэ тхьэмахуэ зэхуакум	4-нэ тхьэмахуэ зэхуакум
блыщхьэм	Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14 - 17-хэм	Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14 - 17-хэм	Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14 - 17-хэм	Мэлбахъуэ Б. Хь. сыхьэт 14 - 17-хэм
гъубжым	Бгъэжьнокъуэ З. М. сыхьэти 10 - 13-хэм	Бозий Н. М. сыхьэти 10 - 12-хэм	Бгъэжьнокъуэ З. М. сыхьэти 10 - 13-хэм	Бозий Н. М. сыхьэти 10 - 12-хэм
		Жанатаев С. А. сыхьэти 10 - 13-хэм		Жанатаев С. А. сыхьэт 15 - 18-хэм
		Азычэ С. Г. сыхьэти 10 - 12-хэм		Азычэ С. Г. сыхьэти 10 - 12-хэм
		Гриневич В. В. сыхьэт 14 - 18-хэм		Гриневич В. В. сыхьэт 14 - 18-хэм
	Кривко М. Н. сыхьэти 9 - 13-хэм	Кривко М. Н. сыхьэти 9 - 13-хэм	Кривко М. Н. сыхьэти 9 - 13-хэм	Кривко М. Н. сыхьэти 9 - 13-хэм
	Берд Хь. А. сыхьэт 15 - 17-хэм	Берд Хь. А. сыхьэт 15 - 17-хэм	Берд Хь. А. сыхьэт 15 - 17-хэм	Берд Хь. А. сыхьэт 15 - 17-хэм
		I эпщэ З. Б. сыхьэти 15 - 17-хэм		I эпщэ З. Б. сыхьэт 15 - 17-хэм
	Гугу В. Р. сыхьэт 15 - 17-хэм	Гугу В. Р. сыхьэт 15 - 17-хэм	Гугу В. Р. сыхьэт 15 - 17-хэм	Гугу В.Р. сыхьэт 15 - 17-хэм
бэрэжьейм	Пащты Б. С. сыхьэти 9 - 13-хэм	Пащты Б. С. сыхьэт 14 - 18-хэм	Пащты Б. С. сыхьэти 9 - 13-хэм	Пащты Б. С. сыхьэт 14 - 18-хэм
	Афэщ1агъуэ М. Хь. сыхьэт 15 - 17-хэм	Афэщ1агъуэ М. Хь. сыхьэт 15 - 17-хэм	Афэщ1агъуэ М. Хь. сыхьэт 15 - 17-хэм	Афэщ1агъуэ М. Хь. сыхьэт 15 - 17-хэм
		Къардэн М. Н. сыхьэти 10 - 12-хэм		Къардэн М. Н. сыхьэти 10 - 12-хэм
				Мокаев К. А. сыхьэт 15 - 17-хэм
				Щхьэгъэпсо С. Хь. сыхьэт 15 - 17-хэм
мэремым	муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ (графикым тету)			

«Транспортым папщ1э налогым и I уэхук1э» 2002 гъэм щэк1уэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 83-РЗ-м и 7-нэ статьям и я п1э I ыхьэм и пункт 1-р конституцэ мардэхэм зэрезэгъыр къэпщытэнымк1э I уэхум хэпл1эныр зэпыгъэуным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым иубзыхуар

Налшык къалэ
2014 гъэм щэк1уэгъуэм и 14-м

Судым и Унафэщ1 Геляхов А. С., судыщ1эхэу Бликановэ В. В., Чэт Ю. М., Хьэкъул М. Хь. хэту «Транспортым папщ1э налогым и I уэхук1э» 2002 гъэм щэк1уэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №83-РЗ-м и 7-нэ статьям и я п1э I ыхьэм и пункт 1-р конституцэ мардэхэм зэрезэгъыр къэпщытэнымк1э I уэхум хэпл1эныр зэпыгъэуным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым **игъэбелджылащ**:

1. «Транспортым папщ1э налогым и I уэхук1э» 2002 гъэм щэк1уэгъуэм и 28-м къащта КЪБР-м и Закон №83-РЗ-м и 7-нэ статьям и я п1э I ыхьэм и пункт 1-м езым и конституцэ хуитынырэ щэк1уэгъэ къызэрызэпиудым, зауэм и ветеран зэрыщытым къыхэк1ыу транспортым папщ1э налогыр щиткI э льготэмк1э хуитынырэр къигъэсэбэп зэрымыхъум къыхэк1ыу 2014 гъэм фок1адзм и 24-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым Уянаев Р. М. къэтхьэусыхащ.

Уянаев Р. М. и тхьэусыхафэр КЪБР-м и Конституцэ Судым хэпл1эну 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къищтащ. А I уэхум теухуауэ зэдокладищ ыну судыщ1э Бликановэ В. В. хахащ. Ауэ тхьылъыр къезыгъэхьауэ щытам КЪБР-м и Конституцэ Судым 2014 гъэм щэк1уэгъуэм и 6-м л эьэ I у къитхащ и тхьэусыхафэм ирагъэгъэзэжыну ик1и абыкI э тегъэщ1ап1эу къигъэлъэгъащ щ1эныгъэкъэкъу законым зэхъуэк1ыныгъэхэр хэзылъхьэ законопроект КЪБР-м и Парламентым зэригъэхьэзырар.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и I уэхук1э» КЪБР-м и Законым и 28-нэ статьям ипкъ итк1э КЪБР-м и Конституцэ Судым зыкъыхуэзыгъэзам и тхьэусыхафэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и зэ I ущ1эр хэпл1эным и пэ кьихуэу иригъэгъэзэжыну хуитынырэ и1эщ.

Уянаев Р. М. и л эьэ I у тхьылъыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым къыдэрыхьащ щ1амыдзэ щ1ык1э ик1и I уэхум хэпл1эн щагъэтынымк1э ар щэч зыхэмылъ щхьэусыгъуэщ.

Абыхэм япкъ итк1э ик1и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и I уэхук1э» КЪБР-м и Законым и 28-нэ статьям, 62-нэ статьям и я п1э I ыхьэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым **иубзыхуащ**:

1. «Транспортым папщ1э налогым и I уэхук1э» 2002 гъэм щэк1уэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №83-РЗ-м и 7-нэ статьям и я п1э I ыхьэм и пункт 1-р конституцэ мардэхэм зэрезэгъыр къэпщытэнымк1э I уэхум хэпл1эныр зэпыгъэуным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым и зэ I ущ1эм щыхэпл1ыным и пэ къыхуэу тхьэусыхафэр къезыгъэхьам зэрА I ихьыкам къыхэк1ыу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым мы I уэхум теухуауэ иубзыхуа унафэм к1эух куэр къару и1эщ ик1и абы хэпл1эжьынымк1э тхьэусыхафэ къаI этыну хуитк1ым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Суд

№2-О

● Конференцэр

Кавказ зауэр иджыри лъэпкъым къоуз

Гуманитар къэхутэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым «Кавказ зауэр: тхыдэр, пэжып1эр, дерсыр» ф1эщыгъэм щ1эт дунейпсо щ1эныгъэ конференц щрагъэк1уэк1ащ. Ар зи жэрдэмыр зэ I ущ1эр щек1уэк1а институтым и унафэщ1ымрэ и лэжьак1уэхэмрэ.

КОНФЕРЕНЦЫМ къыщыпсэльащ тхыдэ щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, мы институтым и унафэщ1, КЪБР-м и Парламентым и депутат **Дзэмыхь Къасболэт**.

- Урыс-Кавказ зауэм къытхуихьа мыгъуэгъэхэр л1эщ1ыгъэхэм я кхъуэнэм ик1ауэ хэплъхьэныр щыуагъэщ, сыт щхьэк1э жыпI эмэ, а зауэм и I э щ1ыI эр ди зэманми къыпльэIэсащ. Дауи, щыуагъэшхуэщ иджырей къэралыгъуэр а зэманым къэхуэхэмк1э бгъэхъуэнщэныр. Ауэ ар ди лъэпкъым и тхьэдэщи, зыщыдгъэгъупщэнк1э I эмал и1экъым. Иджык1э дэ и пэк1э дыплъэу, уасэ зимыI э ц1ыхуцхьэр дгъэлъапI эу, ди къэк1уэнум хуэфэщэн щ1эблэ дгъасэу дыпсэун, дылэжьэн хуейщ. Ауэ щ1ыхъук1и, дыкъызэплъэк1ыжмэ, ди гур зыщ1ауэ тхыдэ нагъэкIуэл1эри дыбзыщ1ын хуейуэ къэспльэгъэхъым. Абы ди къэралым исхэр зэпэщ1игъэувэныр къэбгъэхъу хъунукъым, уеблэмэ зэпэгъунэгъу зэхуищ1ыпхъэщ. Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэл1эу УФ-ми хамэ къэралхэми I уэху куэщ1эт ащ. Ди конференцыр къызэзыгъэпэщ1ахэри щогугъ абы хуэфащэ гулыIэтэ игуэтыну, къэхутак1уэ ныбжьыщ1эхэр я I уэхум дихьэхыну. Дэ ди фIэщ мэхъу, I уэхум и пэжып1эр ц1ыхухэм ябгъэдэтпльхьэмэ, абы иращ1эжI псалъэмакъ лейхэр нэхъ мащ1э зэрыхъунур, - жиI ащ Дзэмыхьым.

- 2014 гъэм щэрджэс лъэпкъым и щхьэ кьрикIуэ гуауэр илъэси 150-рэ ирокъу. Жылагъуэм I уэхум и пэжып1эр ящ1эныкI э, ар ябгъэдэлъхьэнымк1э Республикэм зэзыгъэк1уж и судыщ1эхэм я I уэхук1э» КЪБР-м и Законым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щ1ыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыI э унэхэм щыпсэухэм я зэхуэдэ мылъкум хиубыдэ я Iыхьэхэр капиталъэу зэгъэпэщ1ыжыныр зэрырагъэк1уэк1ым и I уэхук1э» КЪБР-м и Законым хальхъэ зэхъуэк1ыныгъэхэм, апхуэдэу УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектэр къазэрыщ1ухъуам теухуауэ къагъэхьа тхыгъэхэм.

Президиумым хэтхэм даI ыгъащ кредитхэр (займхэм) процентк1э щхьэщ1ат ык1 ахъшэм щыщ I ыхьэр хуапшынырыхьн папщ1э мэкъумэш продукцэ къэзыл эжьхэм субсидиехэр зэрырат щ1ык1эм зэхъуэк1ыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейм теухуауэ Чуваш Республикэм и К1эрал Советым Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Д. А., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и К1эрал Думэм и Унафэщ1 Нарышкин С. Е. сымэ зэрызахуигъаззэр.

Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ итк1э КЪБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхыпльр иратащ Урысейм Щ1эныгъэ I уэхущ1ап1эхэмк1э и федеральнэ агентствэм и «Мэкъумэш хозяйствэмк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ-къэхутак1уэ институт» федеральнэ къэрал бюджет I уэхущ1ап1эм I эщ гъэхъунымрэ I усыпхъэжэр къэлэжьынымк1э и лабораторэм и щ1эныгъэ лэжьак1уэ пажэ Амщ1ыкI уэ Хьэжьсмел Къасым и къуэм, Мэрзэхъу къуажэ жылагъуэм и ветеранэм я советым и тхэмадэ Елъхан Мухътар Аслъэмырзэ и къуэм, «Урысейм Щ1эныгъэхэмк1э и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмк1э и институт» федеральнэ къэрал бюджет I уэхущ1ап1эм балъкъэр литературэмк1э и секторым и унафэщ1 Толгуров Зейтун Хьэмит и къуэм.

Зэ I ущ1эм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэ I ущ1эр 2014 гъэм щэк1уэгъуэм и 27-м ег ъэк1уэк1ыным теухуауэ.

БАТЫР Любэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-I уэхущ1ап1э.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэ зауэлIыр и унагъуэм кьекIуэлIэжащ.
Сурэтыр мэжэр художник **Зичи Михай** *иц1ащ. 1853 гъэ*

I энат1эхэм зыщапльыхь

Жылагъуэ к1эльыплъакI уэ комиссэу КЪБР-м щы I эм и л Iыкъ I уэхэу Эндреев Мэгъэзалийрэ Гъукъ I э Юрэрэ тезырхэр щагъэзэкI уэжь 1-нэ, 3-нэ колониехэм зыщапльыхьащ.

Тезырхэр ирегъэхьэжIынымк1э федеральнэ къулыкъум и управленэу КЪБР-м щы I эм и унафэщ1ым уголовнэ-гъэзэщ1ак1уэ I энат1эм ц1ыхухэм я хуитынырэхэр хъуа зэрыщыхъуэр к1эльыплъынымк1э и дэ I эпыкъуэгъу Бырмамыт I эуес ящ1ыгъуу зыщапльыхьащ ИК №1-м исхэм я псэупI э, коммунально-бытовой, следственнэ изолятор мардэм хиубыдэ пэшхэм. Комиссэм хэтхэм къапщытащ тезырыр езыхьэк1эхэр щ1ык1ыгъ, щыжей щ1ыпI эхэр зыхуэдэр, тепI энк1эльынхэр я1эмэ зрагъэщ1ащ.

Комиссэм хэтхэм ИК №3-м тезырыр езыхьэк1эхэр зэрыщ1ыгъ щ1ык1эр, медицинэ I уэхутхьэбзэхэр зэрызащ1эр, ц1ыхухэм хуитынырэм зэрытетыр къыщапщытащ. Къыщынэмыщ1ауэ, жылагъуэ л эжьак1уэхэр карантин къудамэми щы I ащ, иджыблагъэ суд зытращ1ыхьахэм епсэльыл I ащ.

Эндреев Мэгъэзалийрэ Гъукъ I э Юрэрэ тезырыр езыхьэк1эхэу шхапI эхэм щылажьэхэм я деж щызрагъэщ1ащ ерыскъыхэк1эхэр зэрагъэхьэзыр, хозяйственнэ I уэхутхьэбзэхэр зи пщэ дэлъ гупым и зыгъэпсэхугъуэр къызэрызэрагъэпэщ щ1ык1эр.

Жылагъуэ к1эльыплъакI уэ комиссэу республикэм щы I эм и л Iыкъ I уэхэм колониехэр къызэхак1уэха нэужь, я щхьэ I уэхук1э закъыхуэзыгъэза ягъэт1ысхэм я1уп1ащ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, КЪБР-м щы I э УФСИН-ми I уэхущ1ап1эхэм зыщызыпльыхьа комиссэм и л Iыкъ I уэхэр яльэгъуамк1э арэзыщ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Тезырхэр ирегъэхьэк1ынымк1э федеральнэ къулыкъум и управленэу КЪБР-м щы I эм и пресс-I уэхущ1ап1э.

Бахъсэн районым «Щ1алэгъуалэр I уэлъхьэм, терроризмэм, щ1эпхъаджагъэм я пэщ1эт щ1у» зи ф1эщыгъэ социальнэ рекламэмк1э зэпеуэ щок1уэк1. Ар къызэрагъэпэщащ район администрацэмрэ «Баксанский вестник» газетым и редакцэмрэ.

● Зэпеуэ

Гупыж зыщI дэтхэнэри

ЗЭПЕУЭР йок I уэк I унэтI ынныгъэу тI ум тету: «Дэ I уэлъхьэм дыпэщ1эт щ», «Терроризмэмрэ щ1эпхъаджагъэмрэ «хьэуэ» яжьдоI э». I уэхум хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 30 иримыкъуа дэтхэнэри. Зэпеуэм хагъэхьэну лэжьыгъэм и проектыр (3хб хъу баннерыр) къэпщытак1уэ гупым ирагъэлъагъун хуейщ щэк1уэгъуэм и 20 хъуху.

Лэжьыгъэр къащтащ1энущ щ1эщыгъуагък1э, къ и Iуатэ гупсысэмк1э, ирахьэI а I эзагъымк1э.

Зэпеуэм хэтыну гупыж зыщI щ1алэгъуалэм я лэжьыгъэр ирагъэхьын хуейщ Бахъсэн къалэ, Лениныи и уэрамым тет 54-нэ унэм, 3-нэ пэшым е «Баксанский вестник» газетым и редакцэм. I уэхум и къызэгъэпэщак I уэхэм зэрызапыфщ1эну телефоныр: 8 (866-34) 4-14-50.

Зи лэжьыгъэр нэхъ зэхъуэ I ауэ къалъытэнухэм къапоплъэ щ1ыхь тхылъхэмрэ ахъщэ саугъэтхэмрэ. Баннерыр къагъэсэбэпынуи I эмал я I ынущ. Зэпеуэр йок I уэк I э «2014 - 2016 гъэхэм къриубыдэу Бахъсэн районым I улъхьэм щыпэщ1этын», «2011 - 2015 гъэхэм къриубыдэу Бахъсэн муниципальнэ районым терроризмэмрэ щ1эпхъаджагъэмрэ щапэщ1этын» район программэхэм япкъ иту.

АБАЗЭ Лерэ.

Хэкулl нэс, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Ефэнды Джылахъстэн 90

И щхьэм хуищIэжыракъым цIыхум и пшIэр зыIэтыр, атIэ нэгъуэщIхэм щхьэкIэ илэжырщ. Апхуэдэ гуащIэщ и гъащIэр зыхуигъэпсар мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа, къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысыей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, илъэс 20-м щIигъукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамзм и тхьамадэ Ефэнды Джылахъстэн Къасым и къуэм.

Iуэхум зэи зэрыхуэмыщхьэхым, гупсысэ жан зэриIэм, зыпэрыхьэ IэнатIэр зэрыригъэфакIуэм и фIыгъэкIэ абы и цIэр дыщэпскIэ хатхащ республикэм и тхьдэм, уэзрырихьэлIэри щхьэр лъагэу уэзыгъэIэт, гур щIэгушхуэ Iуэхуфlхэм я къыдзэгъэпсакIуэщ, цIыхубзым гурэ псэкIэ яхуэлажьа IэщIагъэлI иэсущ. Театрым, музыкэм, гъуэджэм, цIыхуфэ творчествэм республикэм зыщыщижьа лъэхъэнэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ Ефэндым и цIэм, а псори къыззрехьулIам, нобэ зыгъэгушавэм, и гур зыгъэинхэм тедгъэпсэлъыхьыну нэхъыжьыфIым зыхуэдгъэзащ.

Ефэнды зэкъуэшхэр я адэшхуэ-анэшхуэм (Лъэстэнхэ) я деж щохьэщIэ. *1930 гъэ*

Пащтыхь Хъусейн бен Тlалал тыгъэ ирет. *1996 гъэ*

Хы лlам зыщегъэпсэху. *Иордание, 1981 гъэ*

Осетие Ищхъэрэм щохьэщIэ. *1982 гъэ*

ЩIалэгъуэалэр егъэгушхуэ. *1976 гъэ*

И щхьэгъусэр, и пхъуитIыр, езыр. *Налшык парк, 1979 гъэ*

Ешэ зымыщIэ

- ЦIыху гъащIэм нэхъ IэфI дыдэу хэтыр сабиигъуэрауэ жаIэ, Джылахъстэн. Ди зэпсэльэныгъэр нэхъ дахэмкIэ, нэхъ IэфIымкIэ къыщыщIэдгъэмэ сфIэигъуэт.

- Си гъащIэм и къыщIэдзапIэр, дауи, сыкъэзыгъэуа адэ-анэрщ - си адэ Къасымрэ си анэ, Лъэстэнхэ япхъу Баринэрэ я дежщ. Си адэм и щIалэгъуэр Граждан зауэм ирихьэлIэри, абы хэтащ. Къигъэзэжа ноужь, псоучIэр зэтраублэжу, къуажэ гъащIэмрэ экономикэмрэ зэтрагъэувэжу жьыджэру лэжьакIуэм ящыщщ. Ди анэ тхьэмыщкIэр сигу къыщызгъэкIыжкIэ, псом япэу си нэгу къыщIыхьэжыр Iэзэу пшынэ еуэу зэрыщытащ. РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ иужькIэ хъуа Къашыргъэ КIуращэ и гъусэу пшынэ еуэу щытащ, джэгу куэд игъэдэхащ. Дэ зэкъуэшхэм Жэкрасльэнт нэхъыжь дыдэри, ар школым щыщIэтIысхьам сехъуапсэри, зыкIэрысщIэурэ и гъусэу кIуэн щIэздзат. Псом нэхърэ синэхъыщIэу икIи сынэхъ цIыкIуу, седжэфынуи ямыгугъэу сыкIуа щхьэкIэ, куэд дэмыкIыу еджакIуэхэм щапхъэу сыкъыхуахьу сыхъуат. ЕгъэджакIуэ лъэщхэр диIащ урысыбзэмрэ литературэмкIэ, математикэмрэ физикэмкIэ, бзэри фIыуэ сщIэрт, есэпми мыЛейуэ сыхэзагъэрт. Илъэсибл школым дыщIэсу, 1936 гъэм педрабфакьым ягъэкIуэну къыхаха цIыхухьм си къуэшри сэри дахэхуат. АрщхьэкIэ, дыздэкIуам илъэс 15 сримыкIэуауэ сыкъащтэн ядэртэжьым. Абы щыгъуэм си къуэшым илъэсиплIкIэ сынэжьыжьу тхылъ къыхуихуэ щытащ. ЗэрыщIэтIысхьэ экзаменхэри зэгъуэгу кIуа цIыхуихьм хъарзынэу ттыри дыкъащтащ, общежитми пэш щытухахащ. Махуэ гуэрым пщIантIэ дыгъэпсым дыдэту, ди комендатыр къэкIийри щIалэгъуалэр дызэхуешэх - Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Къалмыкъ БетIал къыдыхьауэ арат пщIантIэм, цIыху зыбжанэ и гъусэу, ныбгъуэ къаукIарэ ахэр якIэрыльу.

- Къалмыкъ БетIал япэу уэзрыхуэзауэ щыта хъыбарыжьыкIэ зэхэсхащ, абы щыгъуэт ар? ЗэрымыщIэкIэ тIыдыхьа къуэшыкъуэщIэм ищIа унафэр япэу уигу изыудахэм ящыщу иджы уигу къыбогъэкIыж...

- Си гъащIэм къыриубыдэу жагъуэ сщыхъуа псалъэ нэхъ дыджэр абы щыгъэщ щызэхэсхари, си гум дыркъуэу щытридзари. АтIэ лIыщъхьэр къыпхэпхэрэуэ къыздикIуэм, Къалмыкъыр си дежь къосри ныбоувIэ:

- Дэнэ ущыщ уэ щIалэ цIыкIур?
- Аушыджэр.
- Уи унэцIэр?
- Ефэнды.
- Сыт уэрыщIэкIуар?
- Седжэну.

- Сыт хуэдэ гъэзджакIуэ уэ илъэсищ дэкIмэ къыпхэкIынур, уэ езыр иджыри анэ быдзышэ уефэу унэм ущIэсын хуейщ.

«ВГъэкIуэж унэм», - жиIэри, Iуэхум гукъыдэж лъэпкъ хузимыIэжу сыкъэуТIыпщыжауэ щытащ. Мис ар дыдж дыдэ кIинащ си сабиигум. Илъэсибл школым сыщIэтIысхьэжщ, зы илъэс сыщеджэжри, итIанэщ училищэм сыщыкIуар, иужькIэ институтым сыщеджащ.

- Уи студентыгъуэ илъэсхэм техуащ зауэр...

- АтIэ, япэщыкIэ совет-фин зауэр, итIанэ Хэку зауэшхуэр. Хэку зауэшхуэр къэхъеи ноужь, дэ, студентхэм, повесткэхэр крырдагъэхьэкIыт, фронтым Iухьэн хуейкэм хъыбар ирагащIуэ. А тхылъымпIэр зыIэщIэтлтъхьэ дэтхэнэ анэри, щыпхъри, пхъуитI гъэзагъу щIадзэрт, зауэм кIэнэуэр къэмыкIуэжыну кащащIыхъурти. Ар кудрэ схуэщIэжакъым. Сэ военкомым лъэпкIэ зыхуэзгъэзащ сэри сыдашыну. Сыкъигъэгугъэри, апхуэдэ Iэмал къыззрыкъуэкIыу, дзэ кхъухьлъатэзэхуэу сыхъуну сыаррзымэ, куэд дэмыкIыу сыдашыну къыжиIащ. Дон Iуфэ Iус Ростов авиашкольм сыщIэджащ, иужькIэ истребительнэ авиацэм сыщыхуеджащ 3-нэ авиацэ школым. А илъэсхэм куэд си нэгу щIэкIащ, гъэщIэгъэнуи щытащ.

- Къэбгъэзэжа ноужь, комсомол лэжьыгъэм упэрыхьэри, аргуэру еджэным пыщащ.

- Пэжщ, обкомым и кьудамэм и унафэщIу илъэсибгъукIэ сылэжьащ щIалэгъуалэр си нэIэ щIэту. Центральнэ комсомол школым сагъакIуэри, франджбзэм сыщыхуеджащ, иужькIэщ ар щыуагъэу къыщыслъытар, журналист кудамэм сыщIэтIысхьэн хуейщ, жыIэу кудрэ сызэнякъуэкъэжащ. Еджэн къэзуха ноужь Налшык къзгъэзэжри, комсомолым и кьалэ комитетым и япэ секретару сыхахащ. Абдеж щыщIидзащ си лэжьыгъэм. Хэку зауэшхуэм и ужькIэ илъэсиплIым къриубыдэу комсомолым ириагъэкIуэ лэжьыгъэм и купщIафэм и инагъымрэ къыпхуэзIуэтэжьынукъым, а илъэсхэр гъащIэгъэуну икIи гугъуу екIуэкIащ. 1950 гъэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и Аппарат нэхъыщхьэм срагъэблагъащ. Жэуаллыныгъэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэт къысопэлъэр. Апэщ1ыкIэ Таджик Республикэм и комсомол зэгъэхьныгъэм и кьызэгъэпэщакIуэу, итIанэ Къэзахстанымрэ Азие Курытым хиубыдэ республикэхэмрэ, си нэIэ щIэту щытащ. Апхуэдэуэрэ илъэсиплI екIуэкIауэ, си къэкIуэнум нэхъ сегупсыс хъуащ. СIэщIэмыкIужауэ сехъуапсэрт журналист Iэщ1агъэм сыхуеджэну. 1954 гъэм КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкIэ и факультетым сыщIотIысхьэ, 1957 гъэм къыщызухым ирихьэлIэу, КПСС-м и ЦК-м дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмкIэ и кудамэмэ сыкъащтэн хуейуэ щыту партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къыбгъэдэкI тхылъ Москва ирагъэхьауэ щытащ Япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ и Iэр щIэлъу. Абы итт сэ парт лжьхыгъэ сыпэрагъэувэну си лъахэр къыззрысхуэныкъуэр. Сыт сымыщIами, къупльыкъущIэхэм къэсхуэгурыгъэIуакъым журналист лэжьыгъэр сызэрихьэпсапIэр. Си натIэм къритхар арагъэнти, КПСС-м и Налшык къалэ комитетым, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым сыщылэжьащ.

КПСС-м и обкомым пропагандэмрэ агитацэмкIэ и кьудамэм сыщыщIам пэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ, хамэ къэрал щэнхабзэмрэ щэныгъэмрэ я дунейм сыхишащ жысIэмэ, сыщыуэнукъым. А лъэхъэнэм сэ махуэ кэсэ сахуэззэрт щIэныгъэлI, тхакIуэ, сурэтыщI, композитор щIэрыIуэхэм.

- Джылахъстэн, уи гъащIэм и къекIуэкIыкIыкIам нэхъ дызыщыгъэзэгуэ хэтхэм ящыщу псоми ягъэщIагъэр илъэс 20-м щIигъукIэ щэнхабзэмкIэ министру уэзрылэжьарщ. Уэ а къуалыкъуэ щыпIыгъа илъэсхэращ иджыпсту щэнхабзэ лъагэм и «кIыщу» кьалэм дэтхэр щаухуар. Аха ар уигу къыщыбгъэкIыжкIэ, сытым нэхъ укъытеувыIэрэ?

- Сэ зи пIэ срагъэувэ цIыхубзым хуэдэ къэгъуэтыгъуейт. Уэрсей Фаинэ зи лэжьыгъэм кууэ хэзыщIыкI, дэтхэнэми зэрепсальэн бзэ къыхуэзыгъуэтыф бзыльхъугъэт. Абы и пIэ уиувным щыщыщмэхьыжу гъуэджэмкIэ школхэм, гъэувырт. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ Мэлбахъуэр къэзгъэгугъэри, лэжьэн щIэздзащ. А илъэсхэм хуабжьу сэбэп къыслухэхъуащ ВЛКСМ-м и центральнэ комитетым къыщыздзэлажьауэ федеральнэ министрым и кьуэдзитIыр, Москва щыщ нэгъуэщI кьулыкъущIэхэр зэрызиныбжьэгъур.

Куэд щIауэ сигу илъ хъуэпсапIэр япэу зиужь сихьахэм ящыщщ - Музыкэ театр ухуэнэр, оперэ, балет, опереттэ щылажьэу. Iуэху дахэ куэд щекIуэкIащ 30 гъэхэм зи бжьэкэ кьызэIуэхуа, Совет академиер и Iуэжь Къэбэрдей-Балъкъэр драмэ театрым. ЦIыхуэхэр зыщыгугъфIыкIащ духуахэм ящыщщ идджыпсту ди щIэблэм я зэрфIэкIым, хъуахъм зыщрагъэужь, кхъухь теплъэ зиIэ, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейр, Танцэлыр, Зоопаркыр, макъзамэмкIэ, IуэлджэмкIэ школхэр, институтхэр, библиотекэхэр. Щэнхабзэр щызэрахьэу Iуэхущ1апIэ куэд духуащ а зэманем, адыгэ, балъкъэр щэнхабзэри утыкушхуэхэм щыдгъэлъэгъуащ.

- ЩэнхабзэмкIэ зиныбжьэм ущыщIыпIа илъэсхэм я гугъу щыпщIкIэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым утемыпсэлъыхьынкIэ Iэмал иIэкъым. Абы теухуа хъыбарыр газет напэкIуэцIым пхуигъэзэгъэнукъым, а ансамблым теухуа тхылъ щхьэхуи къыдэдэгъэкIащ, ауэ собет лъэхъэнэм цIыху мелуан бжыгъэхэм зэхаха, идджыпсту ди Iуэжь зыгъэтхэмэ къэрал куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэри зэрыгушхуэ ансамблым и цIэр къыззрыпсэхам кIэщIу и гугъу уэзгъэщIыжьынут. Абыхэм апхуэдизкIэ къэралым концерт щытыныр къыззрызыбгъэпэщыр дауэт?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым зы гуфIэгъуи щекIуэкIыу къыщIэкIынтэкъым кьафорэр джэгуэр хэмыту. 30 гъэхэм, художественнэ самодеятельностым зыщиужьу хуежьа лъэхъэнэм, ирихьэлIэу, 1934 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ кьафэмкIэ и къэрал ансамбль къэунэхуащ. Сэ министерствэм сыщагъэкIуам щIэуэ хэслъхьну Iуэхугъэхэр щызубзыхум, а ансамблми нэхъри зиужьмэ нэхъ кьасщтэу, мурад гуэркэр хуэзгъэуващ. Уэрэд жызыIэхэр хор сщIыуэ, къэфакIуэхэр ансамбль щхьэхуэу субзыхуну сызэрыкIуам сыщIэтIысхьэн хуейщ, жыIэу уеэзгъэзэжьынукъым, а илъэсхэр гъащIэгъэуну икIи гугъуу екIуэкIащ. 1950 гъэм ВЛКСМ-м и ЦК-м и Аппарат нэхъыщхьэм срагъэблагъащ. Iуэхущ1 еплъыкIэхэри щыIэщи вжеСIэнщ.

- «Кабардинка»-м нэхъ щIэфI къэзгупсысынкъым, - жиIэщ Мэлбахъуэми, Iэ иIэтауэ щытащ. Мис апхуэдэу илъэс 50-м нэблагъэауэ «Кабардинка»-щIэр зэрехьэ иджы къэрал академическэ ансамблым. Абы щыгъуэм хорыр радиокомитетым и нэIэ щIэуваеуэ щытащ. МазиллIрэ ныкъуэрэ дэкIа нэужь, Щ1ощ1эжьыкIуМ и цIэр зезыхъэ драмтеатрым япэу концерт щитат ансамблым. Абдеж къыщежьащ «Кабардинка»-м и творческэ гъащIэр. Илъэс 25-м къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я гъуэдзжэр «Кабардинка» ансамблым щигъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм, Курскым, СССР-м и кьалэ куэдым. ЩIы хъурейм и Iыхьэ псоми концерт щитащ абы, Антарктидэм фIэкIа къэмынэу. Республикэм и унафэщIхэм си пщ1ам къыдалъхьэри, коллективым я гъусэу сэ сыщыIащ Магрибым и къэралхэм (Марокко, Алжир, Тунис), Ливием (1968 гъэ), Австралием, Сингапурым, Филиппинхэм (1972 гъэ), Америкэм и Центральнэ, Ищ1э къэралхэм (1974 гъэ), Сирие Хьэрып Республикэм (1977 гъэ), Германием (1978 гъэ), Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм (1981 гъэ).

- Парт, политикэ, къэрал IэнатIэхэм къыщынэмыщIауэ, жылагъуэ Iуэхуми упэрытащ Джылахъстэн. Хамэ къэрал куэдым щикъухьа адыгэ лъэпкъыр зэрыIыгъ, зэкIэлъыкIуэ, зэкъуэт хъужыным уи гуащIэ хэплъхьащ, идджыпстуи Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамэм уриунафэщIщ.

- «Хэку» обществэм сыщыщщам пэжьыгъэшхуэ екIуэкIащ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм пыщIэныгъэ яхуди1эныжькIэ, ахэр хэкум къегъэблагъэнымкIэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Иорданием, Сирием, Тырким, США-м, Германием щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэхэр гъэ кьэс къедгъэблагъэрт, абыхэм я щIэблэ щIыкIуэм гъэмахуэм Налшык зыщедгъэзэпсэхурт, нэхъ мыджэру кьыддэлажьэхэр Налшык и санаторэхэм къатшэрт, ныбжьыщIэ 25-40 хуэдиз КъБКъУ-м, КъБКъМУ-м кьыщIэдгъэтIысхьэрт, апхуэдэ дыдэу КъБР-м и Правительствэм и унафэщIхэр зэгуэ ди республикэм икIа лIыкIуэхэр яхуеблагъэрт, я псэукIэр зрагъэлагъуну, зыхэс лъэпкъхэм зэрадекIуэкIыр зрагъэщIэну.

1991 гъэм Япэ дунейпсо адыгэ конгрессыр Налшык щекIуэкIауэ щытащ. Ар кьызэзыгъэпэщахэм жыдджру дахэтащ дэри, икIи абы щыгъуэм унафэ пIыуэкIа нэхъ щытащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэ кьызэрагъэпэщыну, бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр, хабзэр ихъумэн папщIэ, адыгэхэр зэкъуэгъэувэн щхьэкIэ. Нобэ, фэ зэрыфIагъуэщи, Хасэр мэлажьэ и пщ1 далъхьа кьуалэнхэр игъэзащIэу. Илъэс 15-кIэ «Хэку» обществэм сыщыIауэ Налшык «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэу сыхахащ. Лъэпкъ Iуэхум, кьыдэкIуэтей щIэблэм, хабзэр, бзэр хъума зэрыхъуным нэхъ хуэгъэпсащ абы щесхьэкI лэжьыгъэр.

- ЦIыхур щыпсэжкIэ гуныкъуэгъуи, щыуагъи, гузэвэгуфIи щрохьэлIэ гъащIэм. Ауэ зэхэр пщигъэгъупщэрэ нэхъыфIым упигъалпъэу хэтщ гурыфIыгъуэр, ехъулIэныгъэр, дэрэжьгъуэр. А псори, илъэс 90 ущрикъум ирихьэлIэу, зэбгъэзэхуэжмэ, уарэзы къэбгъэщIамкIэ, насыпыфIэу упсуэ?

- Пэжыр жыпIэмэ, гъащIэр гурыфIыгъуэкIэ нэхъ кьысхуэупсащ, ауэ пIэ пощхьэпо мымащIи срихьэлIащ. Ауэ ахэр кьыззэнэкIыфащ, сыщIэпсэур цIыхуэхэрати, гугъу зыщIэгъэхьэр абыхэм я псэукIэр егъэзэфIэкIуэн папщIэти. Абы щхьэкIэ си къарум зэманми зи сыщIэкъыкъым.

Си гум илъ дэпыр кьызэщIагъаплъэрэ гъащIэм иджыри гурыфIыгъуэ хузиIэу сызыгъэпсэуу си бынхэмрэ абыхэм кьалъхьужжамрэщ. Си пхъуитIыр - Маринэрэ Ольгэрэ - абыхэм я щхьэгъусэхэр, абыхэм я бынхэр сыт щыгъуи кьысхуэнабдзэгубдапIъэщ, кьысхуэгумащIэщ. Си пхъурылъхуэмэ я бын цIыкIуэхэм си жьыщхьэр схуагъэдахэ!

- Куэдрэ Тхъэм ущащхьащигъэт! Уи гъащIэр зытеухуауэ щыстам идджыпей унафэщIхэмрэ щIэблэмрэ зэрыпащэм ущыгуфIыкIыну ди япэ куэдрэ уитыну дынохьуэхъу!

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Губзыгъэм и Iуэху тынщщ

Дэ иджыпсту диIэ щэнхабзэ дахэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ Ефэнды Джылахъстэн. Абы илэжьар зэуIуу къеббжкIыныр гуГъущ, ауэ а псори апхуэдэу екIуу зэкIэлъыгъэкIуауэ щIыхуэзфIэкIар къыззрыкIуэу акъылыфIэу, къызэгъэпэщакIуэ нэсу, сыт хуэдэ Iуэхури и щхьэ Iуэху хуэдэу зыхищIэу зэрылэжьарщ.

ИДЖЫПСТУ дыззэрыгушхуэ щэнхабзэ ухуэныгъэ нэхъ инхэри, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ щаджж Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэхэри республикэм щыуэныгъэ зи жэрдэму щытар, абы емыIыпсэхуу иужь итар Джылахъстэнщ.

Гъащ1эм къыхуигъэув сыт хуэдэ къаIэнми пэлъэщ акъылрэ къарурэ кьызыкъуихыфырт абы. Ар умыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы къыдэкIуэу республикэм лъэпкъыу исыр зэхуигъадэрт, дэтхэнэми и лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ хъумэ зэрыхуным егупсыр. Зи зэхэгъэж иIэтэкъым абы и лъэныкъуэкIэ. Арат фIыуэ кьыщIалъагъури. КьищынэмыщIауэ, кьыщалъуа республикэмрэ абы ис лъэпкъэмрэ я Iуэху дигъэкIын папщIэ ар зыщIэмыхьэф пэшрэ зыхуэмызэф кьулыкъущIэрэ къэралым исакъым а лъэхъэнэм. Абы и фIыгъэкIэ ди лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIэмрэ я хабзэмрэ куэдым къаригъэщIыхуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр Москваи Урысейм и нэгъуэщI хэгъуэгу куэдми щекIуэкIащ. А псори къызэбгъэпэщыну тынштэкъым, кьаруи зэмани текIуадэрт, ауэ Джылахъстэн цIыху емызэшт, гу хабзэт, губзыгъэти, зижь ихьэ псори кьеХуулIэрт.

Ефэнды Джылахъстэнрэ и къуэшхэмрэ республикэм и зыужьныгъэм хуащIа хэпльхьэныгъэр зы Iыхьэшхуэу кьзбгъэльагъуэ хъунущ. Езым ещхьыр къэрал IэнатIэ пэрыта и къуэшхэри, еджахэт, жэуапльныгъэ яхэпт, пщэрыльэ кьыщащIыр кьызыхуэтыншэу ягъэзащIэрт.

Апхуэдэу гурэ псэкIэ лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, зэпыщIэныгъэшхуэхэр иIэу и Iуэхуэхэр зэрызэфIыкIыр, дэнэ IэнатIэ ямыгъакIуэми щIэ гуэр зэрыхьилъхьэр къалъэтэрт республикэ унафэщIхэмри.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ, секретарь Шэджыхьэщ1э Мухьэмэд, КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий сымэ нэнджэщкIэ зыхуагъэзэу апхуэдэт, и Iуэху зехьэкIэр зыхуэдэр ящIэрти. Лъэпкъым я зэныбжьэгъуГъэр къызэгъэпэщыныкIэ, цIыхубэр зэкъуэгъэувэныкIэ, щэнхабзэм зегъэужьныныкIэ Джылахъстэн зэфIихыу щыта Iуэхуэхэр иджыри лъэхъэнэ куэдкIэ щапхъэу къэпхъхьэ хьунущ.

Ефэндым и гъащIэ гъэгуанэм щыщу мыхьэнэшхуэ иIэу илэжьахэм хьизобжэ совет лъэхъэнэ жыжьым хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъуэхэм япэу зи Iэр яхуэзышияхэм зэращыщIыр. Адыгэхэр щыпсэу къэрал псоми щыIащ ар, «Кабардинка» ансамблым концерт щригъэтащ щIы хъурейм и къэралхэр куэдым. Щэнхабзэр зэриГъэбжьыфIэм нэмыщI, ди лъэпкъэгъуэм я зэпыщIэныгъэр игъэбыдауэ къысщохьу а илъэсхэм. Абы щыгъуэ гугъут хамэ къэрал щыпсэуахэм щыщIэныгъэ гуэр яхууIэну, ауэ Джылахъстэн зы Iэмал цIыкIури кьигъэсэбэпыфырт, ди кьуэшхэри кьыткIэпыкIуэнри, ди лIыкIуэхэр зэгурыкуэнри зэтриухуэфырт.

И лэжьэгъуэ пIалъэр иухыу тIысыжа нэужь, абы и Iэдакъэ щыщIэкIа, бзэ щэрыуэкIэ кьэIуэта тхылъхэм зэман жьыжьэм кьыхэна ди блэкIам теухуа гъэщIэгъуэн къэщ кьыщыщIэльэгъуэжащ, пэж, щагъхэ, фIы куэд кьыхэзгъэпхыну. КIуэращэ, лъэпкъым и хъугъэфIыгъуэ нэсу гур щыз зыщIщ а тхылъхэр.

Илъэс 90-м ар ирихьэлIащ жану. И узынщагъэм хэмыщIу, гукъыдэжьр и куэду ди япэ Тхъэм иригъэт. И щхьэгъусэр пасэу фIэкIуэдами, ипхъуэм, абыхэм кьалъхужжэм я нэщIэфжьэ Тхъэм иримыгъэпльагъу. Езым и акъыл жанагъри, и Iущагъри, и псэм и кьабзагъри яхуэкIуэжащ ипхъуэми, абыхэм кьалъхужжэми. ЩIэблэ узынщэ, губзыгъэ иIэщ, иджыри куэдрэ я гуфIэгъуэм кIэлъыплъыну си гуапэщ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

ЖьантIэр егъэбжьыфIэ

«Кабардинка» ансамблым пыщIэныгъэшхуэ хуиIэщ Ефэнды Джылахъстэн. Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ абы зэфIигъэкIа Iуэху къомым я зы Iыхьэшхуэщ ди ансамблым ифI зыхэлъ куэд зэрилэжьар. Къапщтэмэ, къэфакIуэ ансамблым «Кабардинка» цIэр фIэзыщIар аращ. Абы лъандэрэ илъэс щэ ныкъуэм нэблагъащи, а цIэм хуэфащэу утыку зэриныым иужь итщ гупым хэт дэтхэнэ зыри.

СЭ АНСАМБЛЫМ сыщыхьыхьагъащIэм сытезыгъэгушхуахэм, утыку сизышаэхэм ящыщащ Джылахъстэн жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Япэ дыдэу ар ди гъуэсу Липецк дыкIуауэ щытащ. И гъэсэу гъэгу утехьэнри тыншыгъуэт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар дэни къыщащIыхурт, пщIэшхуэ къыщыхуащIыр. Хамэ къэралхэм дыкIуа нэужь, ар унагъуэхэм, къулыкъущIэхэм ирагъэблагъэрт. Апхуэдэхэм зыбжанэри сыздишащ. Сыт щыгъуи гу лъыстэрт абы и псэлъэкIэ щагъэм, и гукъэкIэхэм, бысымхэм яхуищI пщIэмрэ ахэр зэриГъэгушхуэмрэ.

Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэм дыщыIауэ, ди лъэпкъэгъу, генерал цIэрыIуэ Быркмыт Фоаз къэхъулъатэкIэ дыкъышишэжащ. Псори дыкъикIа нэужь, Фоаз къыдэжиIащ, кхъухьлъатэр къэзыгъэкIуар зэры-Джылахъстэныр. Ар икIи кхъухьлъатэзехуэт!

Джылахъстэн щэнхабзэмкIэ министру щыщыта илъэсхэрщ «Кабардинка»-р дуней псом къыщыщащIыхуар. Къапщтэмэ, абы и закъуэкъым, къыпхуэмыльытэныш хуэдизщ щэнхабзэм зегъэужьныным теухуауэ абы хуэзфIэкIар.

Иджыри къыздэсым ди жьантIэр зыгъэбжьыфIэ нэхъыжьыфIщ, пщIэ худощ.

АТЭБИЙ Игорь,
«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI.

Лъэпкъым и къуэ пажэ

Сэ Ефэнды Джылахъстэн илъэс 45-м нэблагъэауэ соцIуху. А зэманым къриубыдэу абы илэжьу си нэгум щIэкIар къызэщIэпкъэну гугъущ, ауэ зы къыхэзгъэщыпхьэщ: республикэм и щэнхабзэм зиужьын папщIэ абы ищIар щапхъэ зытехьэпхьэщ.

1970 гъэм абы адыгэ студие Щукинскэ училищэм игъэкIуауэ щытащ, зы илъэс дэкIри балъкъэр студиер ГИТИС-м щIигъэтIысхьащ. Ар дэ, еджэ гупым, къызэрытхущытыр фи фIэщ хъунтэкъым. Джылахъстэн щIэх-щIэхыурэ накIуэрт КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсин, Геттуев Максим сымэ и гъусэу. АдыгэбзэмкIэ училищэм дыщригъаджэрт щIэнигъэлI цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин. ДыкъыздикIа республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым къытхуиIэ гулъытэм ди егъэджакIуэхэр къызэрытхущытыр иригъэфIакIуэрт.

Ди студием Налшык къызэригъэзэжу, унагъуэ хъуахэм фэтэр, щIалэгъуалэм общежитием пэш къыщыдатащ Джылахъстэн и фIыгъэкIэ. А псори фIыщIэшхуэ щIыхуэтщI Iуэхущ.

КъищынэмыщIауэ, Ефэндым и гуащIэшхуэ хэлъщ ди щIыналъэм Музыкэ театр къызэрыщызэIухаам, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и творческэм удэ гъэтащ дахэу зыкъыззрызэкъуихам.

Ефэндым къикIуа гъэугуанэр щыхьэт хъуэ къызыхэкIа лъэпкъым и къуэ пажэу и гъащIэр къызэригъэщIам. Ноби, илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу, жанщ, губзыгъэщ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык къалэ къудамэм и тхьэмадэщ. Сохъуэхъу театрым е концерт пэшым щIыхьэжу, и гур къигуфIыкIыу, и гъащIэр зыхухиха Iуэхум зэрызиужьым, зэрефIакIуэм кIэлъыплъу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну.

ФЫРЭ Руслан,
Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI.

Севастополь къалэм и зы теплъэгъуэ.


«Оборона Севастополя 1854 - 1855 годов» панорамэм хуащIа унэр.

Балаклавэ къалэр псы дэлъэдапIэм Iусщ.

Къырым хытIыгуныкъуэ

●Гъуэгуанэ тхыгъэхэр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №226-м итщ).

Севастополь - пщIэ зыхуэфащэ

МЫ КЪАЛЭМ и цIэр Хэку зауэшхуэм кьыгуэхьипIэ имыIэу епхащ. Ауэ а зы зауэм и закъуэкъым абы и нэгу щIэкIар...

Севастополь хы фIыщIэ флотым и хэщIапIэу къежьауэ щытащ. Суворовран ар кхъухь тедзапIэу къэбгъэсэбэп зэрыхъунум ятэу гу лъызытар. Арати, дзэзешэ цIэрыIуэм, империем щы къыхуэзыззуэм, и унафэкIэ быдапIэхэр яухуащ, кхъухь тедзапIэр ихьмэзу. 1783 гъэращ Севастополь къалэр яухуэу щыщIадзар. А алыдж псалъэм «щэджащэ, пщIэ зыхуэфащэ» кьокI.

Севастополь и цIэр дуней псом щыхэIуэр КъуэкъипIэ (Къырым) зауэм щыгъуэщ, Инджылызым, Франджым, Тыркум, Сардинием (иджырей Италием щыщ хъуа къэрал) Къырым хытIыгуныкъуэр урысхэм ирагъэбгынэну мурад щащIарт.

Хым и лъэныкъуэкIэ къалэм укъыбгъэдэмыхьэфу гъэбыдат, ауэ щIымкIэ нэхъ махэти, дзэ инженер Тотлебен Эдуард зэрибзыхуам хуэдэу, щIыр датIыкIащ, Iэщхэмрэ сэлэтхэмрэ ягъэуващ. А псори матросхэм, сэлэтхэм, цIыху къызэрыгуэкIхэм я къарукIэ зэфIагъэкIащ. А зауэр зыхуэдар Iупщ1у уи нэгу къыщIегъэувэ «Оборона Севастополя 1854 - 1855 годов» панорамэм.

1854 гъэм бийм ыкиухъуреихьа Севастополь къагъэкIауэ щытащ подпоручик-артиллерист Толстой Лев. Ар тетхыхьажащ Севастополь бийм езымытахэм IыIагъэу зэрахьамрэ бэлыкьу яшэчамрэ. Абы щыгъуэм тхакIуэ ныбжьыщIэми къызэрыкигъэщащи, зауэм нэхъ гузэвэгъуэ щыIэкъым. Панорамэм ущIэту уздеплъым, зауэр екIуэкIыу, ауэ уэ нэхъ жьыжьIуэу ущыту абы уеплъ хуэдэщ, апхуэдизкIэ Iэзагъ хэлъу къагъэлъагъуащи. Панорамэр - ар хъурейуэ къежьуэкIыу (метри 115-рэ и кIыхьагъыу, метр 14 и лъагагъыу) тха сурэтщ, «предметный план» жьыхуаIэм хуэдэ дыщIагъужауэ (щыхуэр, пщыIэхэр, выгухэр, нэгъуэщI Iэджи егъэувэкIащ, сурэтхэмрэ абыхэмрэ зэхьыжьэрэ зауэ гуащIэм и теплъэр къагъэщIу). Мы зауэм хэкIуэдащ Урысей империем хэпэжа хыдзэлIхэу Корнилов В. А., Нахимов П. С. Севастополь ипэ дыдэу дащIыхьа монументыр капитан-лейтенант Казарский А. И. и фэеплъ. А фэеплъым тетхащ: «Казарскому. Потомству в пример» жиIэу. Казарскэр хэкIуэдащ 1829 гъэм накьыгъэм 26-м щыIа тырку-урысей кхъухь зэхэуэм. Мы къалэм щхьэкIэ зэман-зэманкIэрэ Урысейр зззэуа къэралхэм ятекIуами, къызэрымыкIуэу цIыху куэд а псом хэкIуэдащ. А зауэхэр хьэлъэу, лIыгъэ щIапIэу зэрекIуэкIам и щыхьэтщ мыри: Севастополь и закъуэщ дуней псом къалэу щыIэр ар бийм щызэхъумэжэм иратыну орден тIэу ягъэбелджылауэ (1854 - 1855, 1941 - 1942 гъэхэм екIуэкIа зауэжэм лIыгъэ щызезыхьахэм папщIэ).

Апхуэдизэ цIыхухэр, къарурэ, мылькурэ Урысейм, СССР-м зытрагъэкIуэдамкIэ дауэт зыгуэрым узэрыхуэупсэнур?! Хрущёв ар къезэгъуэ кьиIытат. СССР-р щыIальэм, Ельцини къыфIэIуэхуакъым е США-м къыхуимыдэнрэт? «Уи щхьэ-си щхьэ нэхърэ - си щхьэ гуэр» жьхуаIэ щIыкIэр тепщэ щыхъуа, къэралхэр Iэрыщу щызэхакъутэф зэманым уи фейдэ зыхэлъым, уи къэралым бгъэдэлъ фIыгъуэм утеплъэкъукI зэрымыхъунур гурыIуэгъуэщ. Севастополь дэт заводхэм ящыщ зым и куэбжэм мыпхуэдэу тетхауэ сыкъеджащ: «А что дальше? Да хоть камни с неба. Мы на Родине!» Мис апхуэдизкIэ Урысейм къызэрыгухьэжар абы щыпсэухэм я нэхъыбэм къаэрыщыхьэр.

ГъэщIэгъуэн сщыхъуа нэгъуэщI зыи фхуэсIуэтэжынут. «Оборона Севастополя» панорамэм и пщIантIэ хуэдэу щытым мы къалэм и тхыдэм теуха сурэтхэмрэ тхыгъэ кIэщIхэмрэ зэрыт пхъэбгъуэр кьеГъэувэкIащ, абдж ибзэжащ. Абыхэм ящыщ зым сыкъыщоджэ: «Черкасовэ А. М. и жэрдэмыр дащтэу, Севастополь 1944 гъэм и бжьыхьэм къыщызэрагъэпэщащ ипэ черкасовскэ бригадэ. Илъэсихым къриубыдэу а бригадэм хэтхэр сыхьэт мелуанищым щIигъукIэ лэжьауэ къыщIэкIащ». Зауэм щыгъуэ зэхакъутар зэфIагъэувэжу, къалэр зыхуэй хуагъэзэжу, яГъэдахэу арат а бригадэхэм. А псор щащIэр я лэжьапIэ зыIутым къыщыдэхуэ зыгъэпсэхугъуэ сыкьэтхэмрэ махуэхэмрэт.

Черкасовэ А. М. мы Iуэхур 1943 гъэм къыщрихьжьауэ щытащ Сталинград. Мы Черкасовэр хэтми сщIэркъым (адыгэм ящыщрэ а унэцIэр кьэзыщта гуэррэ). Абы гу щIыльыстар и унэцIэм и закъуэкъым, атIэ зауэ нэужьым цIыхухэм лэжьыгъэкIэ я фэм дэкIар (абы щыгъуэми зы соми къыпэмыкIуэу) иджыри зэ фигу къэзгъэкIыжьын папщIэщ.

Севастополыр Урысейм и лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Вяземский Пётр а къалэм щхьэкIэ итха усэм и сатырхэр:

«Здесь понесла свой тяжкий крест Россия,
Но этот крест - сокровище для нас...»

Фет Афанасий «Севастопольское братское кладбище» зыфIища и усэм мы щIыналъэм и тхыдэр зыхуэдар къеIуатэ:

Счастливцы! Высшею пылали вы любовью:
Тут, что ни мавзолей, ни надпись – всё боец,
И рядом улеглись, своей залиты кровью,
И дед со внуком и отец.

Абы къикIращи, Севастополь зыIэщIагъэхьэнымрэ иужькIэ зыIэщIамыгъэкIыжыныкъмрэ адэшхуэми, къуэми, къуэрылъхуми я гъащIэ е гуащIэ халъхьащ икIи ар къыпткIуэу птрамыхмэ, уэ зыгуэрым щIептын щхьэусыгъуэ къэгъуэтыгъуейщ.

Балаклавэ - кхъухь тедзапIэ тынш

ХЫМ и толъкъун къэукъубеинкIэ хъунум мы къалэ цIыкIур щызыхъумэ бгыхэм я лъабжьэмрэ я джабэхэмрэ зеэзыгъэкIуэ Балаклавэ и тхыдэр нэхъ инщ икIи нэхъ бейщ езым нэхърэ.

Кхъухь тедзапIэ тынш хъуну къалъытэу, абы Сюмболон Лимне (Сигнальная гавань) фIащащ алыджкэм. Абыхэм XVI лIащIыгъуэм генуэз сатуущIхэр къатекIуэри, щIыпIэм Чембало фIащащ. 1475 гъэм генуэз быдапIэр яубыдащ тыркухэм, зэрыхабзэти, щIыпIэцIэр яхъуэжащ псом ипэу - ар Балык-Юве хъуащ. ИтIанэ урысхэм, кIэлъыкIуэу инджылызхэм (Къырым зауэм щыгъуэ) яIыгъащ мы щIыпIэр. Инджылызхэм зэрапIыгъар илъэситIми, а пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу хунэсащ уэрамкэр яубыхуну, унэкэр, тыкуэнэкэр, хьэщIэщхэр яухуащ, ахэращ Къырымым ипэ гъущI гъуэгур щызыкъуэдияри.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, Балаклавэ кхъухь тедзапIэм псыщIагъ кхъухьхэр щигъэув хуащ Совет Союзым. 1953 - 1963 гъэхэм Таврос бгыр якъутэурэ кIуэцIрыкIщ, абы завод щэху щауэхэри, псыщIагъ кхъухьхэр а заводым псым хэту къащIыхьэрэ зыкъыIэту, зыхуей хуагъазэрэ псышхуэм хыхьажу щытащ. СССР-р лъэпъэжьыу Балаклавэ къалэ зэхуэщIауэ яIыгъауэ, Ющенкэ Виктор Украинэм и президент щыхъуаращ (абдеж нэIуасэ къыщыгтхуэхъуахэм къызэрыджаIамкIэ) а къэрал щэхур щищащ, щитар (уэзрыхуейуэ егупсыс). Щэху щыхэмылъкIэ, кьэнэжьар ар цIыхухэм зрагъэпъагъуну хуит яхуэпщIынрати, иджы «Балаклавэ» зыфIаща дзэ-музей комплексу зэрагъэпэщыж. А кхъухь тедзапIэ щэхур кхъэзыгупсыса инженерхэмрэ а лэжьыгъэ хьэлъэр зыгъэззэщIахэмрэ я зэфIэкIыр дгъэщIэгъуэнращ дэ къытхуэнэжыр. Дуней псом теткъым мы уухэнигъэм хуэдэ. Абы къикIращи, а музейр зрагъэпъагъуну куэд кьиззэрыкIуэнум шэч хэлъкъым.

Балаклавэ XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм къулейхэм, зэфIэкI зиIэхэм псэупIэ, зыгъэпсэхупIэ ящIауэ щытащ. Аристократием абы щыгъуэ яуха унэхэм ящыщ куэд иджыри кьиззэтенащ, къалэр адрейхэм емыщхь ящIу. А къалэ цIыкIум кьыпэплъэр зэкIэ жьIэгъуейщ, ауэ езы щIыпIэр зэрытелъыджэм къыдихьжыну гугъэ уегъэщI.

ВМФ-м и главком Чирков Виктор и зы интервьюм щыжиIащ Къырымыр хьэуа, щIы, псы лъэныкъуэхэмкIэ убгъэдэмыхьэфыну илъэсихым кьриубыдэу яГъэбыдэну. Си щхьэкIэ а псом трагъэкIуэдэну ахъшэр Урысейм и цIыхухэм я псэукIэр ирагъэфIэкIуэным халъхьамэ нэхъ къэсщтэнут. Ауэ умахэмэ, ульэрымыхьмэ, уззэпхъуэну хьэзырхэр зэрыщIэр зыщыдгъэгъупщэ хъуну къыщIэкIынукъым. «Территориальные размеры России требуют сильной власти», - итхыгъащ философ, публицист Ильин Иван. Ауэ абы и пэжкIэ Пушкин А. С. жиIащ: «Европа в отношении к России всегда была столь же невежественна, как и неблагодарна».

Нобэ ди нэгу щIэкIым тепщIыхьмэ, Пушкиным и зэманым лъандэрэ дунейм зихъуэжауэ жьIэгъуейщ. «Патриот» псалъэр нэхъ мащIэу къагъэсэбэп щыхъуа лъэхъэнэм дыхьиубыдащ, уеблэмэ ауан уащIынри хэлъщ, апхуэдизфа хъуапIэмэ. Ауэ тхыдэм и нэщIабжьэ псори зыльэгъуа Къырымырэ абы зэфIэкI зиIэу щызэблэкIа цIыхухэмрэ уащегупсыскIэ, псоми чэзу иIэщ, зэрыжаIэр наIуэ пщохъу. Дэри ди гуфIэгъуэ, ди хъуэпсапIи, ди гукъеуи здэтхыжьынурэ, нэгъуэщIхэм гъащIэм пащэнуц. Мы жэкум агъащIэм щыпызыщэн хуейр ди щIэблэрщ, абы кьыхэкIыри зыми джэгупIэ зебгъэщI хъунукъым. Пэжыр жьсIэнщи, «патриот» псалъэр къыщыгъэсэбэпыпхъэр гуэзвэгъуэ ущихуэкIэкъым. А гуэзвэгъуэр кьыпIыкьуэмыкIын хуэдэу упсэун, улажьэн хуейщ, къызэрысIыытэмкIэ. Хэкум и цIыху щыпкъэщ, патриотщ зи Iэщ1агъэм хуэпэжыщ, щIыгумрэ псымрэ зымыуфIейр, зи сабийр зыгъэсэфыр, абы щIэныгъэрэ Iэщ1агъэрэ езытыфыр.

ШИРДИЙ Маринэ.
Налшык - Ялтэ - Налшык
(КъыкIэлъыкIуэнущ).

ЩIрагъэлъэфа кхъухьхэм я фэеплъ.

Капитан-лейтенант Казарский А. И. и фэеплъ.

Сабийхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ щадэлажьэ унэр.

Зи дахагъкIэ псори зыхьэху Айя щыIэр.

Екатеринэ II Къырымым щыIащ 1787 гъэм.

Адмирал Нахимов П. С. и фэеплъ.

Пасэрей вулканым къиГъэщIа Фиолент щIыпIэрщ.

«Балаклавэ» дзэ-хы Iуэхущ1апIэм и щIыхьэпIэр.

●Абы дегъэпIейтей

МафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэхэр къызэпауд

МафIэс нэхъыбэ къыщыхъу бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм Налшык къалэ кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIыныкмкIэ щыIэ и къудамэм и жэрдэмкIэ цIыху-хэм яхэупщIыхьауэ щытащ унагъуэхэм мафIэс къыщымыгъэхъуным и лъэныкъуэкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм ятеухуауэ.

А IУЭХУМКIЭ дэ хуабжьу къыддэIэпыкъуащ Налшык къалэ округым щыIэ еджапIэ зэмылIуэжьыгъуэхэм я студент-хэр. Ахэр цIыху 3583-м яхуэзащ икIи анкетэхэм и упщIэхэм кърата жэуапхэр зэхуахьэсащ.

КъызэрыщIэкIамкIэ, ди цIыху-хэр тэмэму щыгъуазэкъым мафIэсым и гуэзвэгъуэ къатемыхьэн папщIэ ялэжьыпхъэхэм, апхуэдэ къэхъуамэ, я гъащIэр яхъумэн, я мылькур хэмыкIуадэу къызэтрагъэнэн папщIэ псом ипэу зэфIагъэкIын хуейхэм.

МафIэс къэмыгъэхъуным пыщIа лэжьыгъэхэр нэхъ щIэгъэхуабжьуэ мы зэманым егъэкIуэкIын щыхуейр гурыIуэгъуэщ. А лъэхъэнэм дэнэ щIыпIи хьэкухэр щагъэплъу щIадзэ. Апхуэдэу уней лъапсэхэм, дачэхэм, фэтэр куэд хъу унэхэм я пщантIэхэм удз гъуамрэ жыгхэм къапылэплъыж тхьэмпIэхэмрэ щагъэс. Апхуэдэу куэдым электрохьэкухэр щIагъанэ. Электричествэр зрикIуэ кIапсэхэм ящыщ жьы хъуахэр абы пэмылъэщу езыхэр къыщылынд щыIэщ.

Мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм, нэгъуэщIхэми я зэранкIэ мафIэсхэр зэрыщыгъуэм папщIэ ди Iэнатlэм щылажьэхэм Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI. Къалэ администрацэм дэ дыдоIэпыкъу псэупIэхэм пэгъунэгъу щIынапIэхэм уздэ гъэдар, тхьэмпIэхэр, тхылъымпIэ, пхъэкIэбжьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэкъэбзыкIым теухуа щIыхьэхуэхэр къызэгъэпэщащIыкмкIэ. Ди Iэщ1агъэлIхэм щIапщытыкI уэрамхэр къэзыгъэнэну уэздыгъэхэмрэ кIапсэхэмрэ я щытыкIэр, мафIэсхэр яГъэнкIыфын папщIэ къагъэсэбэп псы къижьлIэхэр зэрылажьэр, транспортыр абыхэм зэрекIуэлIафыну щыкIэр.

Дыззрыт бжьыхьэм дэ гулъытэ хэха хуэтщIащ фэтэр куэд хъу унэхэмрэ общежитэмрэ зэрызэрахьэм, мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэхэр абыхэм зэрыщагъэзащIэм. Къэгъэлъэгъуапхъэщ Налшык къалэм мы зэманым студентхэр щыпсэу общежиту 17, муниципальнэ общежиту 44-рэ зэрыдатыр. Абыхэм ящыщу нэхъ зэкIэлъыкIуэр муниципальнэ общежитхэрщ. ИкIи мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэхэр абыхэм илъэс бжьыгъэкIэрэ щамыгъэзащIэу къэкIуэкI, а ныкъуасыгъэхэр мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ къэралорганхэм абыхэм гъэ хъэс ирагъэлъагъуж икIи яГъэзэкIуэжьну хуагъэув пэтми.

МыхъымыщIагъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ мафIэс къызэрыхъуамкIэ хьыбар уэзыгъащIэ автоматикэр зэрамыгъэувыр, мафIэр яГъэнкIыфын папщIэ псы къыщрагъахъуэ щIыпIэхэр зэрызэкIэлъымыкIуэр. Апхуэдэу утемыгузэвыхьыпIэ иIэкъым мафIэр нэхъ зыхуэлъэ унащхьэхэм, адрей пхъэжкI пкъыгъуэхэм лыгъэр зыпэмыльэщ реагентхэр и зэманым зэрырамыкIэр. Хабзэм зыкIи къемызэгъуэу, общежитхэм я ятэ къатхэм хэлъ щхьэгъубжэхэр гъущI хъархэмкIэ яГъэбыдэ икIи гуэзвэгъуэ къэхъуамэ, абыхэм зыри къыщIэмыкIыфынкIэ хъунущ.

Мис апхуэдэ хабзэншагъэхэр, нэгъуэщI зэкIэлъымыкIуагъэ куэди зэрыщыIэм къыхэкIыу, дэ планым хэдгъэхьащ 2015 гъэм къытедгъэззэжу муниципальнэ общежитхэм я щытыкIэр арегъэру къэтпщытэну.

ШЫГЪУШэ МуIэед,
УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм кIэлъыплъыныгъэ IуэхуэхмкIэ и Налшык къалэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Маринэ I Азамат Хьэзрэталий и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **МахуэлI Хьэзрэталий Уардэщыкъуэ и къуэр** зэрыIам кхъыжкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

●●●●●●●●●●●●

КъыдэзыгъэкIэжьрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

●●●●●●●●●●●●●●●●●●●●●●●●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэц: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къьашокъуэ Элэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректору Щоджэн Заирэ,** *корректорым и дзIэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2230